



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 5 Mathematics Test, Book 1**  
**March 2–6, 2009**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **5**

**2–6 mas 2009**



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysed.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.




## Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè bwòs dan yo montre anba a an santimèt?




- A 12
- B 13
- C 14
- D 15

## Egzanp B



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang  $x$  yo montre anba a?



- A  $30^\circ$
- B  $45^\circ$
- C  $90^\circ$
- D  $150^\circ$

**RETE LA**




1



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè tòti yo montre pi ba a mezire, an pous?



A 3

B 4

C  $3\frac{3}{8}$

D  $3\frac{1}{2}$

2

Ki nonb ki reprezante kat san venntwit mil sis san uit?

A 4.268

B 42.868


C 428.608

D 428.680

***Kontinye***

**3**

Ki perimèt rektang ki endike anba a?



[pa trase selon echèl la]

- A 8 mè
- B 10 mè
- C 16 mè
- D 20 mè

**4**

Ki inegalite pi ba a ki montre desimal la an òd de **pi gran an a pi piti a**?

- A  $7,4 > 6,5 > 4,2$
- B  $4,2 > 6,5 > 7,4$
- C  $7,4 < 4,2 < 6,5$
- D  $4,2 < 7,4 < 6,5$

**5**


Kay genyen yon kous pa sèt milyèm de yon segonn. Ki nonb pi ba a ki reprezante sèt milyèm?

- A 0,7
- B 0,07
- C 0,007
- D 7.000




**6**


Ki figi anba a ki montre kòrèkteman tout dwat simetrik posib yon kare genyen?




Figi 1



Figi 2



Figi 3



Figi 4

- A** Figi 1
- B** Figi 2
- C** Figi 3
- D** Figi 4

**7**


Ki deklarasyon ki fo?

- A**  $\frac{1}{5} = \frac{2}{10}$
- B**  $\frac{1}{3} = \frac{3}{9}$
- C**  $\frac{1}{5} = \frac{5}{25}$
- D**  $\frac{1}{3} = \frac{4}{9}$

***Kontinye***

8

Vito make tanperati nan Land's Edge pandan yon peryòd douz èdtan. Li antre done yo sou grafik lineyè ki anba a.



Dapre enfòmasyon ki nan graf la, kilès nan deklarasyon anba a ki kòrèk?

- A Tanperati ki pi ba ke l te make a te a 2è00 P.M.
- B Tanperati ki pi wo ke l te make nan jounen an te a 2è00 P.M.
- C Chanjman nan tanperati a ant 6è00 A.M. a 8è00 A.M. te 10 degre.
- D Tout tanperati yo te ant 40 degre ak 60 degre.

9

Yo te estime ke popilasyon Hong Kong an 2006 te sis milyon nèf san karant mil kat san trant de. Ki nonb sa a sou **fòm estanda** a?

- A 69.432
- B 694.432
- C 6.904.432
- D 6.940.432

10

Li devinèt ki pi ba a.

Mwen genyen 4 kote.

Mwen gen **sèlman** yon pè kote ki paralèl.


Men gen plis ke yon ang dwa.

Ki fòm mwen ye?

Kilès nan fòm sa yo ki se repons devinèt la?




A



C



B




D

***Kontinye***

**11**

Dyagram ki pi ba a montre yon fèy papye ki divize an kolòn egal. Dyagram nan reprezante yon antye.



Ki desimal ki **pi gran pase** pati nan dyagram nan ki reprezante pa kolòn fonce yo?


- A** 0,7
- B** 0,5
- C** 0,4
- D** 0,2

**12**

Gen 125 gwo sache glas yap vann nan Redwood Grocery. Chak sache glas gen yon mas de 30 kilogram. Ki kantite mas total tout sache glas yo?

- A** 365 kilogram
- B** 375 kilogram
- C** 3.650 kilogram
- D** 3.750 kilogram

**13** Ki tip triyang yo montre pi ba a?



[pa trase selon echèl la]

- A** Se yon triyang eskalèn paske tout longè kote yo diferan.
- B** Se yon triyang izosèl paske longè de nan kote yo se menm.
- C** Se yon triyang egi paske chak nan twa ang yo mezire mwens ke 90 degre.
- D** Se yon triyang rektang paske de nan kote yo pèpandikilè.


**14** Longè youn nan fèy papye pou Jack fè desen yo se 12 pous. Lajè fèy papye a se 9 pous. Ki perimèt fèy papye Jack la?

$$P = 2l + 2w$$

- A** 18 pous
- B** 24 pous
- C** 30 pous
- D** 42 pous

***Kontinye***

- 15** Triyang ki anba yo sanble.



[pa trase selon echèl la]

Ki fraksyon ki reprezante rapò kote korespondan triyang yo?

- A  $\frac{14}{21}$
- B  $\frac{14}{27}$
- C  $\frac{14}{30}$
- D  $\frac{14}{45}$


- 16** Lexi te mache pandan lontan sou yon santye 13 kilomèt nan Great Peak. Konbyen mètr Lexi te rale nan mache?

1 kilomèt = 1.000 mètr

- A 0,13
- B 0,013
- C 1.300
- D 13.000

17

Grafik lineyè ki anba a montre kantite moun ki prezan nan yon match bezbòl nan kòmansman chak repriz.



Nan kòmansman ki repriz ke te gen **apeprè** 900 moun nan match la?

- A** 1
- B** 2
- C** 5
- D** 7

***Kontinye***

**18** Ki lis ki prezante fraksyon yo nan lòd pi piti pou rive nan pi gran?

**A**  $\frac{1}{5}, \frac{1}{4}, \frac{1}{2}$

**B**  $\frac{1}{2}, \frac{1}{5}, \frac{1}{4}$

**C**  $\frac{1}{2}, \frac{1}{4}, \frac{1}{5}$

**D**  $\frac{1}{5}, \frac{1}{2}, \frac{1}{4}$

**19** Manu kouri nan sis kous diferan. Yo montre pi ba a distans nan chak kous.

### KOUS MANU YO

Kous	Distans
1	1,7 mil
2	0,5 mil
3	0,9 mil
4	2,1 mil
5	0,8 mil
6	1,6 mil

Ki distans total, an mil, tout sis kous Manu kouri yo?

**A** 5,6

**B** 6,6


**C** 7,6

**D** 8,6



**20**

Ki mezi ang  $\angle X$  nan kwadrilatè yo montre pi ba a?



[pa trase selon echèl la]

- A**  $50^\circ$
- B**  $60^\circ$
- C**  $150^\circ$
- D**  $310^\circ$

**21**

Tamara gade yon film ki te dire 1 èdtan 45 minit. Si film nan te kòmanse a 2è20 P.M., a kilè film nan te fini?

- A** 3è00 P.M.
- B** 3è05 P.M.
- C** 4è00 P.M.
- D** 4è05 P.M.

***Kontinye***

**22**

Leo te ekri  $\frac{2}{10}$  nan chan yo pou yon konsè. Kim te ekri  $\frac{3}{10}$  nan chan yo pou menm konsè a. Ki fraksyon nan kantite total chan pou konsè a ke Leo ak Kim te ekri?

**A**  $\frac{1}{2}$

**B**  $\frac{1}{4}$

**C**  $\frac{1}{5}$

**D**  $\frac{1}{10}$

**23**

Fotografè lekòl la gen entansyon mete 360 foto nan 24 paj nan albòm anyèl lekòl la. Si li mete menm kantite foto yo sou chak paj, konbyen foto fotografè lekòl la pral mete sou chak paj?

**A** 13

**B** 14

**C** 15





**D** 16

24



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki pè triyang ki kongriyan?



***Kontinye***

**25** Ki pi piti miltip komen (LCM) 6 ak 9?

- A** 15
- B** 18
- C** 36
- D** 54

**26** Yon anplwaye anrejistre kantite sak manje chat li vann nan magazen l sou yon peryòd senk jou. Yo anrejistre done a pi ba a.

27, 13, 26, 14, 15

Ki mwayèn kantite sak manje chat ki vann?

- A** 19
- B** 17
- C** 14
- D** 13

**RETE LA**









**Ane 5**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**2–6 mas 2009**

**Grade 5**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 2–6, 2009**